

## BAB III METODÉ PANALUNGTIKAN

### 3.1 Desain Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan digunakeun pamarekan kuantitatif kalawan métode kuasi ékspérimén. Numutkeun Arikunto (2013 kc. 123) métode kuasi ékspérimén dibagi jadi tilu rupa, nyaéta: 1) *one shot case study*; 2) *pretest and post test*; 3) *static group comparison*.

Desain anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta *pre-test jeung post-test*. Ieu panalungtikan dilakukeun ku cara mere *pre-test* anu tuluy dibéré *treatment* sangkan ngalatih kamampuh siswa dina pangajaran nulis téks biantara kalayan ngagunakeun modél *Quantum Writing*, anu satuluyna dilakukeun *post-test*. Désainna saperti di handap ieu.

O <sub>1</sub>	X	O <sub>2</sub>
----------------	---	----------------

Arikunto (2013 kc.124)

Keterangan:

O<sub>1</sub> : *Pretest* (kamampuh nulis téks biantara saméméh ngagunakeun modél *Quantum Writing*)

X : *Treatment* (pangajaran ngagunakeun modél pangajaran *Quantum Writing*)


O<sub>2</sub> : *Post test* (kamampuh nulis téks biantara sabada ngagunakeun modél *Quantum Writing*)

### 3.2 Sumber Data

Sumber data nya éta subyéék anu ditalungtik pikeun meunangkeun data. Ieu panalungtikan dilaksanakeun di SMP Kartika XIX-2 Bandung. Anu lokasi na di jalan Pak Gatot Raya No.73s Gegerkalong kota Bandung. Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta hasil nulis téks biantara siswa kelas IX A SMP Kartika XIX-2 taun ajaran 2019/2020 anu jumlahna 32 siswa, anu kabagi 16 siswa lalaki sarta 16 siswa awéwé.

### 3.3 Prosedur Panalungtikan

Pamarekan anu dipaké nya éta pamarekan kuantitatif anu ngagunakeun métode kuasi ékspérimén, desain anu dipaké nya éta désain *pre-test jeung post-test group design*. Prosedur panalungtikan bakal ditétélakeun dina bagan saperti ieu di handap.



Bagan 3. 1  
*Prosedur Panalungtikan*

Dumasar kana bagan prosedur panalungtikan di luhur, léngkah- léngkah dina panalungtikan dipedar saperti ieu handap.

- 1) Masalah anu karandapan dina pangajaran nulis nya éta saméméh ngalaksanakeun panalungtikan, panalungtik ngayakeun wawancara jeung guru Basa Sunda SMP Kartika XIX-2 Bandung ngeunaan masalah anu karandapan

di kelas nalika nepikeun matéri ajar nulis téks biantara hususna di kelas IX A Sunda SMP Kartika XIX-2 Bandung;

- 2) Rumusan masalah anu katitén sabada ngaidéntifikasi masalah, panalungtik ngarumuskeun masalah dumasar kana pasualan anu karandapan nya éta kamampuh nulis téks biantara di kelas IX A SMP Kartika XIX-2 Bandung;
- 3) Raraga Tiori;
- 4) Ngarumuskeun Hipotésis;
- 5) Ngarumuskeun Instrumen;
- 6) Ngumpulkeun data sabada kapanggih masalah anu aya di SMP Kartika XIX-2 Bandung kelas IX A Taun Ajar 2019/2020, tuluy panalungtik ka kelas. Fungsina pikeun ngumpulkeun data. Téhnik anu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta téhnik tés. Tés dilakukeun dua kali, nulis téks biantara saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Quantum Writing* jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Quantum Writing . Pre-test* dilakukeun saméméh treatment, tujuanna pikeun mikanyaho kamampuh siswa saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Quantum Writing* , sedengkeun *Post-test* dilaksanakeun sabada treatment anu tujuanna pikeun mikanyaho kamampuh nulis téks biantara sabada ngagunakeun modél pangajaran *Quantum Writing*;
- 7) Analisis data panalungtik miboga pancén pikeun nganalisis data ku cara ngagunakeun rumus-rumus statistik ngaliwatan aplikasi SPSS PASW *versi 18*;
- 8) Nyusun laporan panalungtikan sabada tatahar, ngalaksanakeun panalungtikan, jeung ngaanalisis data, panalungtik nyusu laporan panalungtikan.

### 3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik tés. Téhnik tés digunakeun pikeun ngumpulkeun data kamampuh nulis téks biantara nu saluyu struktur téks jeung unsur kabasaan. Data struktur téks ngawengku bubuka, eusi, jeung panutup. Sedengkeun unsur kabasaan undak usuk basa, éjahan, jeung tanda baca. Tés dilaksanakeun dua kali nyaéta tés awal (*pretest*) jeung tés ahir (*post test*). Tés awal dilakukeun saméméh dilaksanakeun pangajaran kalawan ngalarapkeun modél pangajaran *Quantum Writing* dina pangajaran nulis téks biantara, anu tujuanna pikeun ngukur kamampuh awal siswa, sedengkeun tés

ahir dilakukeun sabada ngagunakeun modél panagajaran *Quantum Writing* dina pangajaran nulis téks biantara, tujuanna pikeun ngukur kamampuh ahir siswa sabada perlakuan.

### 3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta lembar tés. Tes mangrupa salasahiji cara pikeun ngukur kamampuh siswa dina proses pangajaran (Nugraha, 2019 kc.44). Dina prak-prakna panalungtikan baris dilaksanakeun tés awal (*pre-test*) jeung tés ahir (*post-test*) Tés kahiji dilaksanakeun pikeun ngukur kamampuh awal siswa, sedengkeun tés kadua dilaksanakeun pikeun mikanyaho pangaweruh siswa kelas IX A SMP Kartika XIX-2 Bandung, dina nulis téks biantara saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Quantum Writing* jeung sabada diajar ngagunakeun modél pangajaran *Quantum Writing*.

Instrumén pre-test jeung post-test dina ieu panalungtikan bisa ditiénan saperti ieu di handap.

**Soal Nulis Téks Biantara**

Pék jieun ku hidép téks biantara, katangtuanana saperti ieu di handap.

- 1) Témana bébas
- 2) Minimal 3-4 paragraf
- 3) Komponén nu di peunteun:
  - Raraga tulisan
  - Mamanis basa
  - Struktur kalimah
  - Ejahan
  - Karapihan tulisan
- 4) Dua jam pelajaran

*Gambar 3. 1 Instrumén Panalungtikan*

### 3.6 Analisis Data

Téhnik ngolah data mangrupa kagiatan nganalisis jeung ngolah data anu geus kakumpul. Data nu bakal diolah jeung dianalisis pikeun ngajawab hipotésis. Ieu téhnik ngolah data tujuanana pikeun mikanyaho hasil kamampuh awal (*pre-test*) jeung kamampuh ahir (*post-test*), Sarta maluruh masalah anu karandapan ku panalungtik dina ngalakukeun panalungtikan. Sangkan ieu tujuan kahontal, aya sababaraha léngkah-léngkah anu dilakukeun dina nganalisis data hasil kamampuh nulis téks biantara saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Quantum Writing* jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Quantum Writing*.

- 1) Mariksa hasil tes kamampuh nulis téks biantara

Tabél 3. 1  
*Rubrik Peunteun Siswa Nulis Téks Biantara*

Nulis Téks Biantara	No	Aspék	Skor	Kriteria
Struktur Téks	A	Raraga Tulisan	18-20	Alus pisan – sampurna: hartina eusi dimekarkeun sacara jelas, strukturna sistematis jeung lengkep, hubungan antar paragraf raket.
			14-17	Cukup – alus: hartina eusi dimekarkeun jelas, strukturna sistematis jeung lengkep, hubungan antar paragraf kurang raket.
			10-13	Sedeng – cukup: hartina eusi dimekarkeun kurang jelas, runtuyan strukturna teu sistematis tapi lengkep,

Nulis Tèks Biantara	No	Aspék	Skor	Kriteria
				hubungan antar paragraf kurang raket.
			7-9	Goreng: hartina eusi di mekarkeun teu jelas, strukturna teu sistematis jeung teu lengkep, hubungan antar paragraf teu raket.
	B	Mamanis basa	27-30	Alus pisan – sampurna: hartina maham pisan jeung nepikeun eusi kalayan lengkep.
			22-26	Cukup – alus: hartina maham pisan jeung nepikeun eusi lengkep.
			17-21	Sedeng – cukup: hartina maham jeung nepikeun eusi kurang lengkep.
		13-16	Goreng : hartina teu maham kana eusi, jeung teu bisa nepikeun informasi kalayang lengkep.	
Unsur Kabahasaan	C	Struktur Kalimah	18-20	Alus pisan – sampurna: hartina ngawasa kandaga kecap pisan, pilihan kecap merenah.

Nulis Tèks Biantara	No	Aspék	Skor	Kriteria
			14-17	Cukup – alus: hartina ngawasa kandaga kecap, pilihan kecap merenah
			10-13	Sedeng – cukup: hartina kawatesan kandaga kecap, loba kasalahan dina pilihan kecap.
			7-9	Goreng : hartina pangaweruh kandaga kecap kurang pisan, loba kasalahan dina pilihan kecap jeung teu pantes pikeun diajén.
	D	Éjahan	5	Alus pisan – sampurna: hartina ngawasa kana aturan nulis, jeung maham kana éjahan.
			4	Cukup – alus: hartina maham kana aturan nulis, jeung saeutik kasalahan dina éjahan.
			3	Sedeng – cukup: hartina kurang maham kana aturan nulis, jeung loba kasalahan éjahan.
			2	Goreng: hartina teu maham kana aturan nulis, loba pisan kasalahan éjahan

Nulis Téks Biantara	No	Aspék	Skor	Kriteria
	E	Karapihan tulisan	22-25	Alus pisan – sampurna: ngawasa pisan tata basa, tulisan rapih, jeung komunikatif.
			18-21	Cukup – alus: hartina kurang ngawasa tata basa, tapi tulisan rapih jeung komunikatif.
			11-17	Sedeng – cukup: hartina kurang ngawasa tata basa, aya kasalahan saeutik dina nyusun kalimah tapi tulisan rapih jeung komunikatif.
			7-9	Goreng : hartina teu ngawasa kana tata basa, loba kasalahan dina pisan kasalahan tulisan anu teu ka baca nepika teu komunikatif

(Nurgiyantoro, 2014 kc. 442 kalayan diropea deui)

- 2) Méré peunteun kamampuh nulis téks biantara siswa kalawan ngagunakeun rumus:

$$P = \frac{\sum Skor Siswa}{\sum Skor Maksimal} \times 100$$

(Sudjana, 2013 kc. 46)

Keterangan:

- P = peunteun  
 $\sum$  Skor siswa = jumlah peunteun siswa  
 $\sum$  Skor maksimal = jumlah peunteun maksimal



3) Ngasupkeun peunteun kamampuh nulis téks biantara kana tabél ieu di handap:

Tabél 3. 2  
*Kamampuh Nulis Téks Biantara Saméméh jeung Sabada ngagunakeun  
Modél Pangajaran Quantum Writing*

NS	Aspek anu dipeunteun					Peunteun	Katégori
	A	B	C	D	E		
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)	(8)
$\Sigma$							
$\bar{x}$							

Keterangan:

A = raraga tulisan

B = mamanis basa

C = struktur kalimah

D = éjahan

E = karapihan tulisan

PN = peunteun

Kategori = peunteun  $\geq 75$  siswa dianggap tuntas nulis téks biantara

peunteun  $\leq 75$  siswa dianggap can tuntas nulis téks biantara

### 3.6.1 Uji Sipat Data

Uji sipat data dina ieu panalungtikan dilaksanakeun ku dua cara, nya éta uji normalitas jeung uji homogénitas. Data kuantitatif dina ieu panalungtikan baris dianalisis ku cara maké *software SPSS PASW versi 18. Statistical Product and Service Solutions (SPSS)* nya éta hiji program anu dipaké pikeun mantuan prosés ngolah, ngitung jeung nganalisis data sacara statistik. Data *input* anu dianalisis nya éta hasil *pre-test* jeung *post-test*, jeung *indeks gain* anu salajengna dijabarkeun dina output hasil analisis SPSS.

### 3.6.1.1 Uji Normalitas

Uji normalitas nya éta uji sipat data anu miboga fungsi pikeun ngukur normal atawa henteuna data anu digunakeun dina panalungtikan. Pikeun nangtukeun yén ieu data miboga fungsi normal. Dina ieu panalungtikan uji normalitas ngagunakeun uji *Kolmogrov-Smirnov*. Anapon hipotésis pikeun uji normalitas saperti ieu di handap.

$H_0$  : distribusi data normal

$H_1$  : distribusi data teu normal

Uji normalitas dilakukeun ku cara uji Kolmogrov-Smirnov, ku taraf signifikan 95% ( $\alpha = 0,05$ ). Kriteria ngujina saperti ieu di handap.

$H_0$  : ditarima, lamun nilai sig. (signifikansi)  $\geq 0,05$

$H_1$  : ditolak, lamun nilai sig. (signifikansi)  $\leq 0,05$

### 3.6.1.2 Uji Homogenitas

Uji homogenitas nya éta uji sipat data anu gunana pikeun mikanyaho homogén atawa henteuna anu diujikeun. Anapon hipotésis pikeun uji homogenitas saperti ieu di handap.

1) Nilai signifikansi atawa sig.  $< 0,05$ , data teu homogen

2) Nilai signifikansi atawa sig.  $> 0,05$ , data homogen

### 3.6.2 Uji Hipotésis

Uji hipotésis dina ieu panalungtikan dilakukeun pikeun nangtukeun ditarima atawa henteuna hipotésis. Aya dua cara nalika nangtukeun uji hipotésis. Saupama hasil data au normalitas nunjukeun hasil yén éta data téh miboga distribusi data anu normal, ku kituna éta data téh dina nguji hipotésisna ngagunakeun statistic parametris kalawan ngagunakeun t-test, sedengkeun saupama data téh miboga distribusi anu teu normal, ku kituna pikeun nguji hipotésisna ngagunakeun statistic non-parametris kalawan ngagunakeun *Wilcoxon match pairs test*.

Pikeun Nangtukeun ditarima henteuna hipotésis dumasar kritéria ieu di handap.

1) Hipotésis Nol ( $H_0$ )

Teu aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis téks biantara siswa kelas IX A SMP Kartika XIX-2 Bandung taun ajaran 2019/2020 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Quantum Writing*.

2) Hipotésis Alternatif ( $H_1$ )

Aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis téks biantara ka siswa kelas IX ASMP Kartika XIX-2 Bandung taun ajara 2019/2020 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Quantum Writing*.